# POEZIYA ASPANININ' BU'RKITI

**Dilafruz Karimxojaeva,**
*Ilimiy basshi, stajer oqitiwshi, QMU, Nukus*

**Dilfuza Seksenbaeva,**
*2-kurs student, QMU, Nukus*

**Doi:** https://doi.org/10.5281/zenodo.14270726

*Xaliq qa'lbinde ma'n'gi jasaysiz nurlap.*
*Biraq tawsilmaysiz siz ma'n'gi bulaq.*
*Shayiri Ibrayim Qaraqalpaqtin'.*
*(Ulmambet Xojanazarov)*

"Insan ruwxiylig'inin' injenerleri-shayirlar," degen edi birinshi Prezidentimiz Islam Karimov.

Haqiyqatinda da, shayirlar o'zinin' sheber do'retilgen qosiqlari menen insannin' kewlinen teren' orin alari so'zsiz. A'ne, sonday ulli shayirlardin' biri O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqistan xaliq shayiri, O'zbekistan Qaharmani Ibrayim Yusupov boldi.

Ibrayim Yusupov 1929-jili 5-mayda shimbay qalasinda jaqin jerdegi Azat awilinda o'z da'wirinin' ziyali adamlarinin' biri Yusup axunnin' shan'arag'inda du'nyag'a keledi. Ol 1949-jili Qaraqalpaq ma'mleketlik pedagogikaliq institutin tamamlap, usi institutta oqitiwshi, son'inan "A'miwda'rya" jurnalinin' bas redaktori, N.Da'wqaraev atindag'i tariyx, til ha'm a'debiyat institutinin' ilimiy xizmetkeri, bo'lim baslig'i, Qaraqalpaqstan jaziwshilar awqaminin' baslig'i "Erkin Qaraqalpaqstan" gazetasinin' bas redaktori, Respublikaliq paraxatshiliqti qorg'aw qorinin', Respublikaliq ruwxiy ha'm ag'artiwshiliq orayinin' baslig'i waziypalari isledi.Ol 1956-jildan baslap jaziwshilar awqaminin' ag'zasi boldi.

I.Yusupov ko'p jerlerde miynet etiwine qaramastan do'retiwshilik miynet onin' o'mir jolinin' ajiralmas bo'legi boldi.SHayirdin' en' birinshi "Watan"dep atalg'an qosig'I 1946-jili "Qizil Qaraqalpaqstan"gazetasinda basilip shiqqan bolsa,en' da'slepki "Joldas mug'allim"poemasi 1949-jili pedagogikaliq institutti pitkeretug'in jili 20 jasinda jariq ko'redi. Bul shig'armalari oni ken' ja'miyetshilikke jas shayir sipatinda ken' tanitadi.Birinshisi qosiqlari jiynag'i "Baxit lirikasi"1955-jili basilip shiqti. Usi jillardan baslap 60 jilg'a shamalas o'miri dawaminda qosiq arqali ha'rbir insannin' ju'regine jol tawip, zamanlaslarinin' kewil-ku'yin,quwanishi menen

qayg'isin,arziw-a'rmanlarin, keleshekke bolg'an umtiliwlari menen biyik adamgershilikli pa'ziyletlerin jirlawg'a hasla jaliqpadi.

Ibrayim Yusupov ha'rbir shig'armasinda sol da'wirdegi waqiyalardi ana tilinin' bay mu'mkinshilikleri tiykarinda sheberlilik penen su'wretleydi.Onin' "Heshqashan," "SHibig'i sinsa shinardin'," "Ku'n shig'is jolawshisina", "Qara tal," "Kegeyli" "Ana tilime," "SHo'girme"qosiqlarinda tuwilg'an jerge bolg'an sag'inishi, milliy u'rp-a'det ha'm da'stu'rleri, ta'biyat go'zzalliqlari aniq su'wretlengen. Onin' ha'rbir shig'armasindag'i waqiyalar, ta'biyat ko'rinisleri oqip atirg'anlardin' ko'z aldinda sa'wlelenedi.Misali shayir "Qara tal" qosig'inda qara taldi tek ta'biyat ko'rinisinde emes,al oni o'zinin'tuwilip o'sken watani sipatinda, tuwilg'an jeri sipatinda alip su'wretleydi. I.Yusupov bul qosiqta lirik qaharmaninin' balaliq ha'm jasliq da'wirin, tuwilg'an jeri ha'm ana ta'biyatqa degen su'yispenshiliklerin bilayinsha jirlaydi:

Suw boyinda shayqatilg'an janim qara tal,
Mag'an balzam sen timiqti shaqirg'an samal,
Mag'an tuwisqan ha'r shibig'in' ha'm bu'rtiklerin',
Senin' astin' kindigimnen qan tamg'an jerim.

Usi qatarlarinin'o'zi de onin' watanina, tuwilip o'sken jerine bolg'an mehir-muhabbatinin' ayqin ko'rinisi desek hesh te qa'telespeymiz.O'ytkeni, bular shayirdin' ju'rek to'rinen shiqqan so'z marjanlari esaplanadi.

Ha'zirgi da'wir qaraqalpaq a'debiyatinda epikaliq janrdin' rawajlaniwinda Ibirayim Yusupovtin' "Joldas mug'allim","Eski fontan ertegi","Akaciya gu'llegende,""Dala a'rmanlari","Tumaris","Qaraqalpaq haqqinda so'z","Ma'n'gi bulaq"siyaqli birneshe poemalari ayriqsha orin tutadi.

A'sirese,onin'"Dala a'rmanlari"dep atalg'an romantikaliq poemasinda shayir dalanin' o'zine ilayiq qatal ta'biyattin'su'wretlewge ayriqsha diqqat awdaradi.Dala ha'm onda iykemlesip o'mir su'rip atirg'an jantaqtin' ju'z qulash tamir urg'aninin' yamasa sho'l bawrayinda o'sip turg'an jupar iyisli juwsannin' sahranin' ju'yrek an'lari jeyranlardin' o'zine ta'n o'zgesheligin su'wretlew arqali dala ta'biyatinin' qatallig'i ha'm saqiylig'in o'z bayawinda sheberlik penen siza aladi.Avtor bul shig'armasinin' romantikaliq poema dep atwi da tosinnan emes. Sebebi, onda dala robinzonlarinin' yag'iniy geologlardin' qus ushsa qanati talip, at shapsa tuyag'i ku'ygen U'stu'rt ken'isligin o'zlestirip ha'm onin' bayliqlarin adam iygiligine jumsawdag'I qaharmanliq isleri romantikaliq ha'm realistlik su'wretlewlerge bay lirikaliq qatarlarinda sheber su'wretlengen.

Ibrayim Yusupov qaysi temada, qaysi janrda qa'lem terbetse de onin' do'retken shig'armalari hesh-bir insandi itibarsiz qaldirmaydi. Shayirdi proza tarawinda

tanitqan “Seydan g’arrinin’ gewishi” gu’rin’i boldi. Jaziwshi gu’rrin’degi da’slepki ja’bdillesiw da’wirinin’ bar haqiyqatlig’in Seydan g’arrinin’ obrazina ja’mlestiredi. Shayirdin do’retiwshilik etiwde talmay kiyatirg’an qa’lemi dramaturgiya tarawinda da og’an a’wmet alip keldi desek asira aytqan bolmaymiz.

I.Yusupov dramaturgiya tarawinda xaliq da’stani tiykarinda A’.Shamuratov ta’repinen jazilg’an “Qirq qiz” piesasin 1965-jili qayta islep tamashago’ylerge sawg’a etti. 1956-1958-jillari “Aktrisanin’ ig’bali” liro-dramaliq piyesasin jazdi. Xaliq awizeki do’retpeleri tiykarinda do’retilgen “O’mirbek laqqi” ha’m “A’jiniyaz” operalarinin’ librettolari da tabisli do’retildi. I. Yusupovtin’ “O’mirbek laqqi” kamediyasi xaliq su’ygen qaharman O’mirbek laqqinin’ atina baylanisli do’retilgen. Onda O’mirbek turmistag’i ayirim adamlardin’ jaramsiz qilwalarina, jawizliq ha’m zulimliq islerine, ashko’zlik ha’m siqimarliq ha’reketlerine ha’zil da’lkek so’leri, yumorliq ha’reketleri, aqil-parasat penen tawip aytilg’an so’zleri menen soqqi berip otiradi.

I.Yusupovtin’”A’jiniyaz” operasinin’ librettosi ha’zirgi da’wirdegi dramaturgiya tarawin janirliq formalari menen bayitqan ha’m onin’ avtorin sheber dramaturg sipatinda tanitqan en’ jaqsi dramaliq shig’arma boldi. Bul libretto negizinde kompozitor N.Muhammaddinov birinshi qaraqalpaq operasin do’retti ha’m bul opera 1987-jili teatr saxnasinda qoyildi.Bes perdeden ibarat bul operada A’jiniyaz, onin’ su’yikligi Xanzada,Panaxan ha’m qizi Aybo’rek obrazlari sheberlik penen do’retilgeni sonshelli hesh kim bug’an biypa’rwa qaray almaydi.

“Qaraqalpaqta poeziya eli dep atawg’a haqlimiz”,degen edi Ka’mil Yashin. O’zinin’ qunli shg’armalari arqali o’z elin usinday ulli da’rejelerge alip shiqqan so’z zergeri Ibrayim Yusupovtan ha’r-dayim o’rnek alsaq arziydi.O’ytkeni bunday shayir ju’z jilda bi ret du’nyag’a keledi.

Biz, jaslar da o’zimizge berilgen imkaniyattan u’nemli paydalang’an halda, elimizge mu’na’sip perzent boliwimiz kerek.Bunin’ ushin barliq sha’rayatlar jaratilg’an.

A’ziz jaslar, biz usinday ulli shayirlarimizdi hesh qashan umitpawimiz kerek. Olar ma’ngi yadimizda boladi.

So’z qaymag’in u’ytip altin zeren’ge,
Ja’ha’nge tanitqan el-jurtin jirlap,
Bul ba’yterek tamir urg’an teren’ge,
Xaliq qa’lbinde ma’ngi jasaysiz nurlap.

**Paydalanilg'an a'debiyatlar:**


1. I.Yusupov «Baxit lirikasi» qosiqlar toplami, 1955-jil
2. Taxirovna, S. L. (2024). CHARACTERISTICS OF THE" FLIPPED CLASSROOM" MODEL IN TEACHING. *Eurasian Journal of Academic Research*, *4*(5-2), 164-167.
3. Taxirovna, S. L. (2023). THE NOTION OF IDIOMATICITY. *SO 'NGI ILMIY TADQIQOTLAR NAZARIYASI*, *6*(9), 154-158.
4. Сейтжанова, Л., & Ахметова, М. (2024). Qaraqalpaq hám inglis tillerinde kelbetliktiń dárejelerin salístíríw. *Актуальные вопросы лингвистики и преподавания иностранных языков: достижения и инновации*, *1*(1), 345-347.
5. Куандикова, К., & Сейтжанова, Л. (2023). Социолингвистические особенности американского сленга. *Ренессанс в парадигме новаций образования и технологий в XXI веке*, *1*(1), 497-500.
6. Seytjanova Luiza Taxirovna, & Axmetova Moldir Kasim kizi. (2024). A Cross-Cultural Perspective on Japanese and Karakalpak Greetings. *Procedia of Philosophical and Pedagogical Sciences*, *3*(4), 1–4. Retrieved from https://procedia.online/index.php/philosophy/article/view/1493
7. Ерниязов, Р., & Сейтжанова, Л. (2023). Effective techniques in teaching reading for young learners. *Ренессанс в парадигме новаций образования и технологий в XXI веке*, *1*(1), 369-370.
8. Ордабаева, Д., & Сейтжанова, Л. (2023). Факторы, влияющие на способность к изучению языка. *Ренессанс в парадигме новаций образования и технологий в XXI веке*, *1*(1), 412-414.